# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА «МАФТУН БЎЛДИМ» МУЗЫКАЛЫ КОМЕДИЯСЫНЫҢ ПРЕМЬЕРАСЫ БОЛЫП ӨТЕДИ

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (53 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (53 KB)




Алдын хабар етилгениндей, “O`zbekkino”  Миллий агентли “Dono Productions” кинокомпаниясы менен биргеликте буннан 60 жыл бурын дөретилген өзбек киносының ғәзийнелеринен бири – **“Мафтунингман”** музыкалы комедиясының бүгинги заманагөй вариантын, **“Мафтун бўлдим”** фильминиң сүўретке алыў жумысларын белгили режиссёр Абдувоҳид Ғаниевтың басшылығында сәтли жуўмақлады.



Ҳәзирги ўақытта Өзбекстан Республикасының барлық ўәлаятларында усы фильмниң премьерасы болып өтпекте. Хош, премьера Қарақалпақстан Республикасында қашан болып өтеди? Бул бағдардағы сораўымызға “O`zbekkino” Миллий агентлигиниң хызметкери, премьераны шөлкемлестириў топарының ағзасы Н.Аҳмедов төмендегише мағлыўмат бермекте.




– Елимиз бойлап талантлыларды излеп табыў процесинде Өзбекстаның бийбаҳа миллий көркем өнерин, мәдениятын, үрп-әдетлерин, халық дөретиўшилигин ҳәм әжайып тәбиятын толығы менен сәўлелендириўге бағдарланған идеяны өзинде жәмлеген усы фильмниң премьерасы **Қарақалпақстан Республикасында 19-май күни болып өтеди.** Бәршеңизди премьераға мирәт етемиз.




Мағлыўмат орнында: Бул жойбар Президентимиз Ш.М.Мирзиёев тәрепинен елимизде туризмди раўажландырыў мақсетлерине толық сәйкес түрде, атап айтқанда, гөззал ҳәм бийтәкирар Өзбекстанның жамалын дүньяға рәң-бәрең реңлерде көрсетиў, Шет елли мийманлардың Ўатынымыз ҳаққындағы көз-қарасларын жаңалаў, бул арқалы шет елли туристлерди елимизге тартыў мақсетинде әмелге асырылған.

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети**

Sa'ne: 01.05.2018 10:18, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'